

## Cerkak SMP/MTs

### Suruh

Dening Suwardi Endraswara

“Dhasar, Suruh gemblung.” Nuwun sewu, aku kudu misuh. Lha jeneh, suruh abang iki kurang ajar. “ Kon mrambat tembok, malah ngulet. Wedi udan sajake, njur ting klelet neng ngisor. Ora manut tatanan.” Sepisan meneh aku kudu nggedumel.

Aku eling, suruh abang iku olehe mbibit kudu tuku. Larang, kaya emas. Nalika semana kojahe sing dodol suruh abang neng pasar krempyeng, Pasar Kliwon, isih cemithak nang angen-angenku. “ Suruh abang niki khasiate boten ngge nginang. Cukup digodhog, toyane telung gelas, dinggeng ngantos segelas. Njur diunjuk. Sirah puyeng, ati susah malik seneng. Jantung gampang kagetan, karep gampang gumunan, lan ati melang-melang, saged ilang!”

Sing dakcathet suruh abang pancen ana khasiate. Ora baen-baen. Mula daktandur. Dakrumat, ngungkuli momong bayi abang. Emane, kon mrambat jian angel. Apa mbendina aku kon ngopeni suruh? Mula seka iku, aku nedya meguru karo pak Dhadhap. Dheweke klebu wong kondhang bab ngupakara suruh. Suruh-suruhe ngrembuyung, dirambatke wis dhadhap.

Mula, tekan sprene katelahe pak Dhadhap. Jeneng ndesa. Kluthuk. Dheweke duwe klangenan urip aneh. Lire, saben dina nandur suruh. Mung kuwi. Wong-wong kiwa tengene dha gumun. Merga, yen mung mburu suruh ngono kok nganti bisa nyekolahke anake.

“Pak, ontен resep napa nggih. Kula daksekolah ngrambatke suruh abang. Jian angel dikon mrambat. Beda kalih suruh-suruh ijo kagungane niku nggih.”

“Woww, nguwoh eri sampeyan mas. Gelem dolan rene.”

“Woh eri niku napa Pak, kok malah marahi ngedheg-dhegi.”

Who eri iku duren. Tegese nggih kadingaren.”

“Oooo, lha kula pengin nguwoh keningkir maown, dolan mriki.”

“Eittt, mbales iki. Apa who keningkir Mas?”

“Ngerti kula, who keningkir niki aran rukun. Mula kula mriki badhe meguru. Sepele Pak. Carane ngrambatke suruh abang. Kula pun njangan gori, judheg.”

“Emmm, suruh-suruh iku cen so kana sing ngewoh asem. Angel diluk.”

Meneng sedhela, aku. Merga jawabe Pak Dhadhap malah nganggo wangsulan maneh. Ngertiku who asem ki cempaluk. Pak Dhadhap sajake mak greg kesawat tembungku,

dakbumboni wangsalan. Sisan gawe. Lha mau dheweke ndadak pamer wangsalan. Ihhh. Dikira aku apa ora bisa.

“Jane Mas, suruh iku dicepaki rambatan wae. Suruh sing apik iku mrambat dhewe. Dadi ora merga suruh abang apa ijo, tetep duwe naluri mrambat. Yen suruhku, dakcepaki wit dhadhap kok seneng. Gelem mrambat dhewe. Yen emoh mrambat, iku tegese suruh kemaki.”

“Ooo, kudu dirambatke wit? La suruh abang kula rambatke tembok kok mbalela.”

“Wah, mbah biyen kojah. Yen duwe omah aja dipageri tembok. Pagerana mangkok. Aja dipageri pring, pagerana piring. Pagerana wit, ben dhemit dha ora ndulit. Lha wong wae yen wis keletan tembok ya kaco, apa meneh suruh. Panas mrambat nang tembok.”

Kaya-kaya ana benere kojahe pak Dhadhap iku. Mulane pak Dhadhap wis mbalung sumsum yen ngrengbug suruh. Aku ngerti, suruh iku tetuwuhan mistis. Buktine, yen ana sing ketempelan lelebut, suruh cukup digarang njur ditempelke awake. Na sing mari, cespleng. Yen ana mantan, ya dha balangan suruh. Jar, suruh iku lumah lan kurepe beda, yen ginigit padha rasane. Mula ora mokal yen pak Dhadhap kumanthil-kanthil marang suruh.

“Iki pakaryan sing wis tundha-temundha, seka mbah buyut Mas. Ora bisa daktinggal. Najan mung suruh, ning ngetuk rejeki.”

“Walih, mitos Pak. Suruh jaman jaman saiki arep dialap apane. Wis ora njamani. Kula nandur suruh abang, amargi kangge jampi.” Aku nyoba mancahi gagasane Pak Dhadhap, sing katon aeng. Ora tinemu nalar. Nalar garing.

“Ora apa-apa, Mas. Watone, aku ayem atine. Tentrem. Ayem tentrem iku rak neng ati. Ngupakara suruh iki wis luwih seka setengah umur. Yen aku ganti tanduran liya, kayata Gelombang Cinta, malah ora tlaten. Tur regane dhatnyeng. Malah njalari jantungen.” Pak Dhadhap nandhesake.

Dakpikir-pikir, jane rada mletik penemune Pak Dhadhap iku. Katelah Pak Dhadhap merga suruhe mesthi dirambatke ing wit dhadahp srep. Suruh-suruh iku katon ledhung-ledhung.

“Kejaba nggo mrambat suruh, wit dhadhap iki ya kena nggo nambani lelara Mas. Lara panas. Uga kena daknggomakani wedhus. Ya merga godhong dhadhap, gaduhanku wedhus loro, saiki dadi wolu. Uga merga suruh iki Mas, anakku ana sing mangan pojok sekolahane. Njur saiki wis cekel gawe.”

“Lhadalah.” Aku kaya katut iline tembung Pak Dhadhap. Ning daktahan. Terus kebak pitakon. Cekel gawe apa anake, wong mung seka dhadhap lan suruh sing nggo nragati.

“Ya pangestune Mas. Anakku loro, siji kerja neng nggon sing dha nyekeli koruptor. Iku mbarepku. Adhine lanang, makarya neng Departemen Perdagangan.”

“Gandrik!” Batinku. Jebul ana sing kerja neng KPK ta anake Pak Dhadhap. Wah biyen mbahku ya sok ndongeng nganggo si Naya, si Dhadhap, lan si Waru nggawa nasib dhewe-dhewe. Welhadalah. Kok jebul peng-pengan Pak Dhadhap. Apa wae, jebul yen ditenani anggone mbudidaya kok ana paedahe.

“Awas Pak, putra njenengan yen kerja neng KPK. Akeh terror, diokehi dongane!” Aku nyoba ngelikke, sisan ngrogoh atine Pak Dhadhap.

“Aman mas. Aku yen nandur suruh wis dakmantrani. Mula anakku kerja neng KPK wis luwih limang taun, seger waras. Mung sepele kerjane, dodol winih suruh putih.”

“Sssstt..., ora guyon Pak. Aku butuh, mantramu. Ben suruhku gelem diatur.”

“Cukup cekak. Suruh ijo ora bodho, mrambahata aja loyo.”

Cukup cekak dongane. Ning kok ora nyebut suruh abang. Mula aku kudu takon. Sapa ngerti ana mantrane uga. Ateges donga lan mantra iku wigati. Mula dakwanekake takon.

“Yen suruh abang ya ana, Cekak. Suruh abang dadiya rewang, mrambahata aja sumelang.” Pak Dhadhap kandha ngono., sinambi ngacungke jempole. Kaya nyasmitani aku, kon nyoba mantra iku.

Aku isih penasaran. Ora mung mantrane suruh. Ning uga putrane Pak Dhadhap sing mbarep kok dodol suruh putih neng KPK lan sing ragil kerjane dadi apa kok neng Departemen Perdagangan. Hebat.

“Ragilku, dodol suruh ireng.” Ngono Pak Dhadhap blaka. Dakdhedhes pitakon sing luwih adoh, malah ngadhepi aku. Kon meneng. Mula, aku trima pamit. Najan isih nggembol pitakon jero. Rumangsaku, kok urip iki dinggo dolanan suruh. Ihhh!\*

## Kapethik saking

*Djoko Lodang No. 50, taun 2019*